

# GOD'S SIMPLE PLAN OF SALVATION FROM YAHYA



**Why did Jesus die?**

## **1. Man by nature does evil (wrong).**

Yahya 3:19 Ari duduk hukumna kieu: Caang tea geus datang ka dunya, tapi manusa leuwih resep kana poek tibatan kana caang. Sabab kalakuanana nu jahat.



**Urang sadaya atos ngalakukeun dosa.**

## **2. By that nature we are condemned.**

Yahya 6:40 Jadi, pangersa Ama Kami teh, nya eta supaya unggal-unggal jelema anu geus wawuh jeung Putra tur percaya ka Anjeunna, tinemu jeung hirup anu langgeng; lian ti eta, ku Kami maranehna baris dihirupkeun deui dina ahir jaman.”

Yahya 3:18 Saha bae anu percaya ka Anjeunna, moal dihukum; anu baris dihukum teh, anu embung percaya sabab henteu ngandel ka nu ngaran Putra Tunggal Allah tea.

Yahya 3:36 Anu percaya ka eta Putra, tangtu tinemu jeung hirup langgeng. Tapi anu henteu anut ka Putra mah, moal papanggih jeung hirup; sabalikna, pinasti nandangan hukuman Allah.”



**There is a cost for sin!**

### **3. Jesus was in the world and he died for us.**

Yahya 14:6 Waler Isa, “Kapan Kami anu jadi jalanna, nu jadi kayaktian, jeung sumbering hirup teh. Ku sabab eta, lamun henteu make jalan Kami, pamohalan aya anu bisa datang ka Rama.

Yahya 3:17 Pangna Allah ngutus Putra-Na ka alam dunya teh, lain rek ngahukum, enyana mah rek nyalametkeun alam dunya ku parantaraan Putra-Na.

Yahya 1:10,12 Anjeunna teh parantos aya di alam dunya, — kenging-Na ngajadikeun tea — tapi pangeusi dunya teh teu wawuheun. Tapi sing saha anu daek narima sarta percaya ka Anjeunna, ku Allah dipaparinan hak jadi putra-Na.

### **4. Anjeun ngan tiasa narima hampura, ku iman, liwat asih kurnia sareng kabageuran**

Carios Padamelan 4:12 Jalmi teh, saha bae ge, teu aya anu ngagaduhan kasalametan, iwal ti Anjeunna. Margi di sakolong langit teu aya deui jenengan anu dipaparinkeun ka manusa iwal ti eta-etana sarta ngan ku lantaran Jenengan eta, urang sadaya pitiasaeun salamet teh.”

Epesus 2:8-9 Aranjeun bisa salamet soteh, nya ku sabab iman. Eta teh, ngan ku lantaran sih kurnia-Na bae; lain beunang sorangan, tapi estu anugrah ti Allah! 9 Lain beunang ihtiar aranjeun sorangan! Ulah pisan aya anu boga angkeuhan kitu!

Titus 3:5 kersa nyalametkeun ka urang. Lain pedah urang hade laku; tapi eta mah, saestu ku karana sih piwelas-Na bae; Ari Mantenna nyalametkeun urang teh, nya eta ku jalan urang geus enya-nya narima baptisan anu ngalambangkeun yen urang teh geus ngajadi hiji jelema anu anyar dijuruken sarta narima hirup anu salawasna dianyarkeun ku Ruh Allah.

## 5. Kasadia upami anjeun nempatkeun iman anjeun ka Yesus Kristus janten Jurusalamet anjeun.

Yahya 5:24 Cek Kaula ka aranjeun: Saha-saha anu nurut kana omongan Kami jeung percaya ka Anu ngutus ka Kami, bakal tinemu jeung hirup anu langgeng tur moal milu kahukum sabab geus pindah ti alam maot ka alam hirup.

Yahya 6:47 Cek Kami: Sing saha anu enya-nya percayana, bakal ginanjar hirup nu langgeng.

Yahya 10:28 Sapapanjangna moal keuna ku binasa jeung moal bisa karampas ti leungeun Kaula.



*Muhun emang gampang! Anjeun teu tiasa ngusahakeun kenging panghampura ti Allah. Anjeun teu tiasa mayar panghampura anjeun ti Allah.*

*Anjeun ngan tiasa narima hampura, ku iman, liwat asih kurnia sareng kabageuran Allah. Lamun anjeun hoyong narima Yesus janten Jurusalamet anjeun sareng narima panghampura ti Allah, ieu doa anu tiasa anjeun doakeun. Ngecapkeun doa ieu atawa doa-doa nu sanés moal nyalametkeun anjeun. Ngan saukur percanten ka Yesus Kristus anu tiasa méré panghampura kana dosa-dosa. Doa ieu ngan saukur hiji cara kanggo ngungkapkeun ka Allah iman anjeun ka Mantenna sareng ngecapkeun panuhun ka Gusti kusabab atos nyayagikeun kasalametan kanggo anjeun.*

**"Allah,**

**Abdi terang yén Abdi gaduh dosa ka Anjeun jeung pantes kenging hukuman. Tatapi Yesus Kristus tos nanggung hukuman nu kedahna ditanggung ku abdi supados liwat iman ka Anjeunna abdi tiasa dihampura. Abdi percanten pikeun kasalametan dina jero Anjeun. Hatur nuhun kanggo asih kurnia sareng panghampura Anjeun nu matak ta'jub! Amin!"**